

## VAKSINASYON POU TOUT MOUN

# Pran Vaksen Kont Grip la Jodi a!

Avèk COVID-19 ak viris grip k ap sikile an menm tan nan vil NYC a, pran vaksen kont grip la vin pi enpòtan toujou.

Yon vaksen kont grip ede w pwoteje tèt ou ak fanmi w, epi li ka redui risk pou w malad, etène e menm pou w mouri.

Tout Nouyòkè yo ta dwe pran vaksen kont grip la, espesyalman:

- + Timoun ki gen mwens pase 5 lane
- + Granmoun ki gen plis pase 65 lane
- + Moun ki ansent ak moun ki fenk akouche
- + Moun ki fè maladi grav tankou dyabèt, opresyon, VIH, maladi ren ak kè yo
- + Tout travayè ki nesesè yo, espesyalman travayè ki ap bay swen sante yo

Ane sa a, ou ka pran vaksen kont grip la an menm tan ak vaksen kont COVID-19 la oswa vaksen rapèl bivalan yo mete ajou a pou yon ti kal kòb oswa gratis. Posibilite pou w jwenn alafwa vaksen kont grip la ak vaksen rapèl COVID-19 la ka varye selon kote yo.

**Ale nan biwo doktè w la oswa rele nou pou w pran yon randevou.**

**1-844-NYC-4NYC**  
(1-844-692-4692)